**INCAMI e INFOMIGRA**

Pou edikasyon imigran
yo nan byennèt sosyal

Fon edikasyon pou asirans 2018

# PROJÈ FEP

## INCAMI e INFOMIGRA pou edikasyon imigran byennèt sosyal

Fon edikasyon pou asirans 2018

Sa se yon inisyativ Fon pou Edikasyon Prevantiv.
Ki finanse pa Sousekretè Sekirite Sosyal
Gouvènman Chili.

**www.previsionsocial.gob.cl**

Subsecretaría de Previsión Social

Gobierno de Chile

CHILE LO HACEMOS TODOS

INCAMI
INSTITUTO CATÓLICO CHILENO DE MIGRACIÓN

Infomigra

# SANTE

Nan Chili gen de sistèm sante, yon prive ki rele ISAPRE, ki ou ka chwazi dapre kondisyon ekonomik ou. Ak yon lòt ki piblik yo rele FONASA (Fon Nasyonal pou Sante).

## KIJA MWEN KA ANREJISTRE NAN FONASA

### SAN VIZA:

Ou ka apwoche nan sèvis ijans , sant sante kominal pou fanmi oswa nan yon lopital pou ou kapab fè enskripsyon an epi jwen sèvis gratis. Apre sèvis la ou dwe pran yon randevou avèk travayè sosyal la pou ou ka pwouvel ke ou make resous, prezante paspò oswa kat indantite peyi ou fèt la ki valab ak sètifika rezidans (ou dwe mande dokiman sa yo nan Komite Katye kote w ap viv la) oswa tikè pèyman yon sèvis ki sou non ou.

### AVÈK PÈMI POU TRAVAY:

Nan yon biwo FONASA prezante paspò ou, kontra travay ak sètifika premye pèyman ou te fèt nan AFP. La yo pral ba ou yon Rut Pwovizwa ke ou dwe bay anplwayè ou pou li ka peye taks yo (sonje pou ale chanje li lè yo ba ou kanè a RUN).

### AVÈK KANÈ CHILYEN:

Ou ka rantre nan nenpòt branch nan FONASA oswa enskri sou entènèt ak yon kopi Kat la ak resi dènye salè ou te resevwa kote ki gen retwè FONASA.

# TRAVAY

Pou w ka travay legal nan peyi a, ou dwe gen yon **Pèmi Travay,** ke ou ka jwenn nan kalite touris oswa avèk deman viza ankouTout viza sa yo ekspoze, eksepte NNA, ki pèmèt ou mande yon pèmi travay ki koute 50% nan valè viza a Mande pèmisyon an se yon bon opsyon ki kalifye w pou travay, paske viza a mize avan pou yo bawli.

Avèk yon pèmi pou travay oswa yon viza, patwon ou gen 15 jou pou li baw yon kontra ou si ou pa deja fè sa. Jounen travay la se 45 èdtan pa semèn epi ou ka fè 2 zèdtan anplis chak jou, sa a peye 50% lis pase yon èdtan òdinè

# TÈM ENPÒTAN SOU TRAVAY

### KIJAN MWEN KAPAB ENSKRI TANKOU YON ADMINISTRATÈ NAN FON POU PANSYON (AFP)?

**01** Ou dwe ale nan AFP pou kapab jwazi plan ki pi ba a, ou ka tcheke sou entènèt la: www.spensiones.cl oswa rele sou telefòn selilè oswa telefòn fix
nan nimewo 101 nan Chili Atiende (gratis rele).

**02** **Si ou pagen RUN** yo pral ba ou yon pwovizwa pou anplwayè a ka kòmanse peye enpozisyon yo (pèyman sa a fondamantal enpòtan pouw ka
mande viza definitif la epi pou gen aksè a sekirite sosyal chilyèn an).

## AKSIDAN NAN TRAVAY OSWA NAN VWAYAJ

**01** Si ou gen yon kontra travay, ou deja gen pwoteksyon kont aksidan oswa nenpòt frakti ou soufri paske ou tap travay. Kòm pou yon maladi profesyonèl posib.

**02** Pwoteksyon yo vini pa mituales oswa ISL oubyen pan Enstitisyon Sekirite Sosya . Endepandan pa òganizasyon kap jera a, ou pa gen anyen wap peye pou atansyon
medikal, reyabilitasyon, medikaman ak transfè.

Nan de ka, si se yon ijans, ou ta dwe ale nan sèvis sante ki pi prèw, pou ka esplikel si aksidan ou fè a se nan travay oswa nan vwayaj.

## MATÈNITE AK TRAVAY

Si ou ansent epi ou gen yon kontra travay, gen yon jiridiksyon matènite ki ap pran swen **ou depi lè gwosès la jis apre dat ekspirasyon konje matènite**, jis lè timoun nan rive genyen **1 ane ak 84 jou laj**. Nan peryòd sa yo pap kapab revokel epi yo dwe peyel salè li, anban kèk kondisyon ki enklu 6 mwa kontribisyon nan AFP ak 3 depo nan FONASA, 6 mwa sa yo anvan lisans kòmanse.

## ASIRANS SEKIRITE

Asirans sa pwotejew nan ka chomaj, afilyasyon an se otomatik si ak yon kontra. Pouw aplike, ou dwe prezante règleman ki te siyen devan yon notè nan yon biwo AFC (Administratè Fon Chomaj).

- Règleman siyen devan yon notè.
- Kat idantite Chilyèn. ekzijans ki pi enpòtan ou dwe genyen 12 depo **avèk kontra endefini** oswa 6 **kontra ak yon tan defini.**